# КОНЦЕПТЛЕР - ЛИНГВОМӘДЕНИЙ ИЗЕРТЛЕЎ ТАЯНЫШЫ

**Aydos Muxammadiyarov**
*НМПИ докторанты*

DOI
https://doi.org/10.5281/zenodo.14238838

Концепт әдетте түсиник (conceptus), тап усы латын тилинде «дән» сөзин аңлатыўшы «conceptum» сөзи де бар – бул прототиптиң бир түри, тийкарғы мәниси, кейинирек сөзде де, исте де өнип шығыўы анық нәрсе.[1]

Лингвомәдений коцептлер этник менталитеттиң конституциялық бирликлери, оның «жөнелтириўши ноқатлары» болып, олардың жыйындысы дүньяның тиллик көриниси сыпатында лингвоконцептосфераны қурайды ҳәм олардың бөлеклери болады.[2] Ю.С.Степанов концептлерди «жиңишке плёнкалар» деп атайды ҳәм «түсиник анықлайды, концепт қайта жасайды.Ол тек ғана логикалық өзгешеликлерди емес, бәлким, илимий, психологиялық, аваргард-көркем, сезимлик ҳәм күнделик ўақыя ҳәм ҳәдийселердиң қурам бөлеклерин ҳәм өз ишине алады».[3] В.А.Маслова да лингомәдений концептлерге анығырақ анықлама береди: «мәдений концептлер абстракт түсиниклердиң атаўлары болып табылады, сонлықтан мәдений хабар белгиге, яғный концептуаль өзегине тиркеледи».[4] Бул пикир дәл келетуғындай, неге десеңиз миллий аң «суўрети» қыял менен сызылады ҳәм елеслетиледи, сол тийкарда концептлер «изсизлик» (абстракт) характерге ийе.

С.А.Аскольдовтың жазыўына қарағанда, «бизиң концепти сөзине анықламамыз: анық бир түрдеги өзине тән ақылый қайта ислеўди (анализ ҳәм синтезди) сәўлелендириўши ҳәрекет сыпатындағы тәрийпимиз қалай концепт потециаль жөнелтирилгенлигин өзгергертиўи мүмкинлигин толық түсиндиреди…концептлер саналық операциялардың эмбрионлары. Олардың сип-өниўине саатлар, айлар, жыллар, күнлер зәрүр болыўы мүмкин….»[5] Және

---

[1] Колесов В.В. Русская ментальность в языке и тек сте. – СПб.: Петербургское Востоковедение, 2006. – С. 24. (с.624)
[2] Бастриков А.В., Бастрикова Е.М. Лингвокультурные концепты как основа языкового менталитета// Филология и культура. Philology and culture. 2012. №3(29). – С.15 (с.15-19)
[3] Степанов Ю.С. Концепти тонкая пленка цивилизацим. – М.: Языки славянских култур, 2007 . – С. 18,20. (248 с)
[4] Маслова В. А. М 31 Лингвокультурология: Учеб. пособие для студ. высш. учеб, заведений. — М.: Издательский центр «Академия», 2001. – С. 37.
[5] Аскольдов С. А. Концепт и слово//Сборники русская речь под редакцией Л. В. Щербы. Новая сери II. - Ленинград: Academia, 1928. С.35-56. (с. 84).

де бул изертлеўши көркем ҳәм билиў концептлери деп еки түрди көрсетеди ҳәм олардың бир-биринен парқын түсиндиреди.[6] Бул пикир бизиң қайта ислеў ҳаққындағы ойымызға жақын бирақ толық сана ҳәм ойлаў искерлиги менен ҳәм оның мәдений болмысы байланысқа түсетуғынлығын басқа алымлардан қарастырсақ. Ш.С.Сафаровқа «концепт» атамасына төмендеги тәрийп береди:

Концептлер инсан аңында жүзеге келетуғын түрли категориялардың тийкарын қурайды, олар ушын таяныш ноқат болып хызмет қылады... Концепттиң тийкарын қурайтуғын предмет образы жетерлише анық ҳәм екилемши орынды ийелеген бөлеклери абстрактлыққа ийе болыўы менен бирге, олар жалғыз негиз (ядровый тийкар) әтирапында өзара мүнәсибетке биригеди..[7] Бунда алым концепт қурамалы системалылыққа йие екенлигине тоқтап, ҳәр бир аң асты түсиниклери өзгешелигин билдиреди ҳәм ең тийкарғысы анаў  мынаў концепттиң ядро яки орайлық периферияcы барлығы бизиң жумыстың тийкары маңызын ашып беретуғындай. Бул бағдарда С.Г.Воркачев пикири де жоқарыдағы пикирдиң логикалық даўамы ретинде көринеди. Лингвомәдений жөнелисте концепт психологияланады ҳәм типикалық сүўрет (прототип, гештальт дүзилмели) менен идентификация қылынады, жәнe бул жерде логикалық-семантикалық мағана ҳәм аңлатпа әмелде өз орнын өзгертеди: концепт денотаты – объектлер класын анықлаў ушын жетерли ҳәм зәрүр мағлыўмат болып табылады, бул денотацияның өзи менен алмастырылады, ал класты типикалық образ оның сыпатламаларының толықсызлық жағдайында көрсетеди.[8] Улыўмалық концептлер бойынша В.А.Маслова, Ш.С.Сафаров ҳәм С.А.Аскольдовлар анықламасы, лингвомәдений жантасыўда ҳаққында сөз кеткенде, Н.Ф.Алефиренко, В.В.Воробьев, В.А.Маслова, Ю.В.Бромлей, Р.Г.Подольныйлар  пикирлерине толық сүйенемиз.  Концептлер өз гезегинде тиллик тулғаның өзгешелигин ҳәм «өзиншелигин» характерлеўде, оның социал-эмоционал болмысын ашып бериўде, халық мәдениятын субстансив изертлеўде тутас шынжырлыққа ийе[9].

---

[6] Сонда С.38.

[7] Сафаров С.Ш. Когнитив тилшунослик. – Жиззах: Сангзор, 2006. – С.17. (92).
[8] Арутюнова Н. Д. Предисловие / Н. Д. Арутюнова // Ло гический анализ языка: культурные концепты. – М. : Наука, 1991. – С.27.
[9] Utebaevna T. A., Farxadovna M. D. SOME WAYS OF ASSESSING STUDENTS’LANGUAGE SKILLS //quality of teacher education under modern challenges. – 2023. – Т. 1. – №. 1. – С. 410-413.